

## Projet Pilote | Bas-Artibonite

Nan kè **Latibonit**, epi sitou nan **Ba Latibonit**, plizyè milye elèv ap pote chak jou menm espwa a : **aprann, pwogrese epi bati yon lavni miyò**. Rejyon sa a, ki rich ak istwa li, jèn li yo ak dinamis imen li, gen yon potansyèl ekstraòdinè, men twò souvan potansyèl sa a ralanti akòz **mank aksè ak resous edikatif modèn ak zouti dijital** ki vin endispansab nan mond jodi a.

Pwojè **EDUCAWEB 360** fèt sou yon konviksyon pwofon : **chak timoun, chak elèv, kèlkeswa kote li ye a, merite yon edikasyon kalite**, ouvè sou dijital la epi oryante sou lavni. Chwazi Ba Latibonit, se chwazi yon teritwa ki vivan, ki angaje, men ki ap fè fas ak **vrè defi edikatif** : inegalite nan aksè ak enfòmasyon, mank sipò pedagogik inovatè, epi opòtinite limite pou fòmasyon dijital ni pou pwofesè yo ni pou elèv yo.

Avèk **EDUCAWEB 360**, nou vle ofri lekòl Ba Latibonit yo **plis pase yon senp platfòm dijital**. Nou vle kreye yon **vrè ekosistèm edikatif**, ki kapab enfòme, fòme, akonpaye epi mete talan lokal yo an valè. Lè nou mete teknoloji nan sèvis edikasyon, pwojè a vize **ranfòse konfyans elèv yo, soutni pwofesè yo** nan misyon yo, epi **louvri nouvo opòtinite** pou tout kominote edikatif yo.

Sipòte **EDUCAWEB 360**, se **investi nan jenès Ba Latibonit**, se kwè nan potansyèl li, epi se kontribye konkretman nan konstriksyon yon **edikasyon ki pi enklizif, pi modèn**, epi ki pote **plis espwa pou lavni Ayiti**.